

#noupapdòmi

Pòtoprens, 23 Jiyè 2019

Nou Pap Dòmi te anonse sou rezo sosyal yo prezans gwoup la nan Washington DC sou envitasyon kèk òganizasyon nan sosyete sivil nan peyi Etazini. Nou Pap Dòmi konsyan batay kont koripsyon ak enpinite depase limit fwontyè nasyonal yo. Pou sa, li enpòtan pou mobilizasyon popilè yo jwenn bon jan eko sou lòt teren. Se sak fè flanbo mobilizasyon an dwe kontinye limen tout kote jiskaske nou jwenn pwochè Petrocaribe a.

Prezans reprezantan Nou Pap Dòmi nan Washington se pou:

1. Fè konprann pwochè Petwo Karibe a pa negosyab sou okenn fòm.
2. Raple tout pèp gen dwa pou yo manifeste libelibè san leta peyi yo pa fè represyon sou yo.
3. Denonse masak k ap fèt sou moun nan kèk katye tankou Lasalin

Nou Pap Dòmi jije li enpòtan pou yon seri enstans entènasyonal pran distans yo ak yon pouvwa leta ki gen men l tranpe nan masakre plizyè santèn sitwayen li.

Virewonn sa a ap kontinye nan Boston jou k ap 28 Jiyè a nan inivèsipe MIT sou envitasyon yon gwoup nan diaspora kote Nou Pap Dòmi pral prezante dokiman 4R la, epi pataje refleksyon sou mouvman kont koripsyon ak enpinite ki tanmen nan peyi a depi preske yon lane. Batay la sou tout teren, Nou Pap Dòmi angaje l sou tout teren.

Demisyon, Pwòchè, Prizon, Restitasyon.

Nou Pap Dòmi